

# Dwa Pasyan Ekstèn yo (Rights of Outpatients)

NAN TOUT PWOGGRAM LISANSYE  
PASYAN EKSTÈN YO OSWA TOUT  
PWOGGRAM KE BIWO SANTE MANTAL  
LA AP DIRIJE YO



Biwo Sante Mantal  
(Office of Mental Health)

---

## **De Manb Komisyon Sante Mantal**

**Y**oun nan wòl enpòtan nou menm nan Biwo Sante Mantal Nouyòk se ofri bonjan enfòmasyon pou ede moun fè chwa ak desizyon sou pwoblèm sante mantal. Nou espere ke yon konpreyansyon dwa pasyan ekstèn yo pral ede ankouraje relasyon nan respè nan mitan moun k ap itilize sèvis sante mantal, manb fanmi yo, pèsonèl yo ak manb kominote yo.

Doktè. Ann Marie T. Sullivan  
Manb Komisyon  
Biwo Sante Mantal Eta Nouyòk

## **Lwa ak règleman yo pwoteje dwa moun ki nan pwogram sante mantal pasyan ekstèn yo.**

Biwo Sante Mantal (OMH) lisansye pwogram pasyan esktèn yo, ki gen ladan yo klinik, jounen tretman pou timoun, tretman reyabilitasyon sikiyatrik entansif, ospitalizasyon pasyèl, Tretman Kominotè de Konfyans (ACT) Sèvis Rekiperasyon Pèsonalize Oryante (PROS) Selon lisans sa yo, genyen yon ran sèvis kominotè ak nan etablisman an ki disponib.

Patisipe nan yon pwogram tretman sikiyatrik pa vle di ou gen enkapasite mantal oswa ou gen kèk dwa ke yo bay tout sitwayen ou pa genyen. Genyen dwa sivik espesifik ki pwoteje si w ap patisipe nan yon pwogram pasyan ekstèn. Dwa sa yo se dwa pou w enskri epi vote nan eleksyon, aplike pou pèmi ak lisans, pran tès sèvis sivik yo, ak aplike pou travay epi jwenn travay la san diskriminasyon si w kalifye.

Selon lalwa ou gen dwa pou tout pèsonèl yo trete w avèk konfidansyalite epi avèk respè ak diyite. Tretman oswa aksede a pwogram yo pa ka limite pou ou oswa yo pa ka refize w akoz ras, kwayans, koulè, sèks, peyi orijin, laj, stati marital, andikap oryantasyon seksyèl ak idantite sèks ki pa gen rapò avèk tretman. Si w panse ke w ap sibi diskriminasyon pou youn nan motif sa yo - oswa si w kwè ke ou se yon viktim abi mantal, vèbal, fizik oswa abi seksyèl - ti livrè sa di ki kote ou ka depoze yon plent ofisyèl.

Ou gen menm dwa tou menm jan avèk lòt sitwayen pou w dezinye yon "pwokirasyon swen sante" oswa prepare yon "direktiv davans." Paske gen kèk moun ki gen maladi mantal ale vini, dokiman sa yo ka sitou enterese moun ki itilize sèvis sante mantal yo. Dokiman yo pèmèt ou bay enstriksyon sou tretman w demen, pou yo itilize alavni si w pa ta kapab bay enstriksyon nan moman tretman w lan.

## Enfòmasyon Debaz

Lè yo admèt ou nan yon pwogam pasyan ekstèn oswa touswit aprè, yo dwe enfòme w de dwa yo. Dwa w yo pa ka limite kòm yon pinisyon oswa pou komoditasyon pèsonèl yo epi yo pa ka mete restriksyon sou yo amwens ke yon doktè ta ekri yon òdonans espesifik. Yo dwe diskite avèk ou sou nenpòt ki restriksyon sou dwa w yo avan restriksyon yo antre an aplikasyon epi yo dwe mete òdonans lan nan dosye medikal ou a. Òdonans lan dwe bay jistifikasyon medikal pou limitasyon an epi presize pou ki peryòd tan l ap rete an aplikasyon.

Dwa sa yo se:

- Dwa pou anplwaye yo pa abize w ak maltrete w.
- Dwa a yon sèten nivo entimite ak entimite nan douch.
- Dwa a yon plan sèvis endividyalize, yon eksplikasyon konplè sèvis ou resevwa yo ak dwa pou w patisipe nan devlopman plan sèvis endividyalize a.
- Dwa pou yo enfòme w de règleman ak pwosedi plent founisè a ak dwa pou poze direktes pwogram lan oswa òganizasyon ki mansyone nan do livrè sa a nenpòt ki kesyon oswa pote plent.
- Dwa pou w resevwa swen ak tretman medikal apwopriye ki adapte a bezwen w yo epi avèk bonjan konpetans, administre san danje epi de fason imèn, avèk tout respè pou diyite w ak entegrite pèsonèl ou.
- Dwa pou yo trete w nan yon fason ki dakò epi ki respekte anviwonman kiltirèl ou.

Nan yon kategori separe, pwogram pasyan ekstèn ou an ka enfòme sou eleman anplis, byenke yo pa byen etabli nan lwa oswa règleman yo:

- Non pèsonèl ki pral gen responsabilite prensipal, pa egzanp moun prensipal pou yo kontakte oswa koòdonatè sèvis pèsonèl la.
- Lòt tretman ki disponib pou ou.
- Règ konduit ki nan pwogram lan.
- Pri tretman an.
- Limit, si genyen youn, sou konbyen tan ou ka rete nan pwogram lan.

- Relasyon pwogram lan avèk lòt ajans konsènan sèvis anplis yo.
  - Sous finansman pwogram lan.
  - Anba ki otorite pwogram lan ap fonksyone.
- 

## Patisipasyon ak Objeksyon

Pou majorite moun, patisipe nan yon pwogram pasyan ekstèn volontè. Pafwa yon tribinal bay lòd pou yon moun jwenn sèvis pasyan ekstèn nan Pwogram Tretman Pasyan Ekstèn Asistan (ke yo rele tou Lwa Kendra "Kendra's Law) oswa kòm yon kondisyon libète pwovizwa nan yon prizon. Byen ke patisipasyon w konplè nan pwogram lan se yon objektif santral, si ou pa dakò avèk plan sèvis endividyalize w la, osa si li pa mache selon satisfaksyon w epi ou vle chanje l, se pa yon rezon pou yo retire w nan pwogram lan. Pafwa, ou ka espere analize plan w lan avèk pèsonèl yo pou gade pwogrè. Yo karetire w si patisipasyon w pa awoprye sou plan medikal ankò oswa si angaje w nan move konduit ki poze yon risk domaj fizik pou ou oswa pou lòt moun. Ou gen dwa pou w fè yon chwa apati de enfòmasyon w dispoze sou si w ap patisipe nan pwojè rechèch yo. Yo ka enplike nouvo medikasyon, yon seri kesyon ke yon moun k ap fè entèvyou poze oswa yon kesyonè. Si w refize patisipe, yon powogram pa ka sèvi avèk sa kòm motif pou refize lòt tretman. Si w deside patisipe, konsantman siyen ke w te enfòme obligatwa.

---

## Entimite ak Konfidansyalite

Lalwa pwoteje dwa w pou entimite ak konfidansyalite pandan tretman an. Tankou konvèssyo ant ou menm ak pèsonèl k ap bay sèvis yo, ak enfòmasyon ki nan dosye w la. Biwo Sante Mantal pral ba ou yon Avi Pratik Entimite apa ki pral di w kijan nou itilize ak divilge enfòmasyon tretman sante mantal konfidansyèl. L ap di w tou kisa dwa w yo ye nan sa ki konsène enfòmasyon tretman sante mantal ou, epi kilès ou ka kontakte si w gen kesyon oswa yon plent sou fason nou te itilize oswa pataje dosye tretman w yo.

Jeneralman enfòmasyon ki nan dosye tretman w yo pa ka divilge san konsantman ekri w. Sepandan, nan sikoranski limite, lalwa ka pèmèt oswa egzise divilgasyon dosye oswa enfòmasyon yo bay sèten moun, ajans gouvènmantal oswa òganizasyon founisè yo. Pifò divilgasyon yo pral note nan dosye w, epi ou gen dwa pou konnen yo sou demand.

Lalwa di ke yo pa bezwen kenbe nòt yo lè dosye a divilge bay Sèvis Legal Ijyèn Mantal, kalite analis swen oswa ajan finans gouvènmantal k ap regle kesyon pèman. Lalwa di tou ke pou divigalsyon ki fèt a konpayi asirans ki lisansye daprè Lalwa Asirans Leta, nòt sa a bezwen antre sèlman nan moman divilgasyon an te premye fèt la.

---

## Askè a Dosye yo

Yo dwe ba ou yon opòtinite pou w enspekte dosye medikal ou yo lè ou soumèt yon demand ekri. Lalwa pèmèt kèk limitasyon sou aksè sa a, daprè jistifikasyon medikal. Anplis de sa, ou gen dwa pou w mande pou doktè w la diskite dosye tretman w lan avèk ou.

Si w mande yon enspeksyon oswa yon kopi dosye w, yon pwogram ka enpoze yon montan ki rezonab. Montan an pa ka depase sa sèvis sa yo koute pwogram lan. Nan oken ka yon pwogram pa ka fè w peye plis ke 75 santim (cents) pa paj.

Si w pa dakò avèk kèk pati nan dosye w la, ou ka soumèt yon deklarasyon ekri ki mete an defi enfòmasyon ki nan dosye a pou yo pa mete yo nan dosye a.

Ou ka mande pou yo voye dosye w la bay nenpòt lòt founisè sèvis oswa avoka. Si w gen pi piti ke 18 lane, yon paran oswa yon responsab legal ka fè demand sa a.

---

## Pwoblèm oswa Plent

Ou gen dwa a enfòmasyon sou kijan pou w fè yon plent. Yon founisè sèvis dwe bay yon avi dwa benefisyè a chak moun pandan admisyon an, epi afiche dwa yo yon kote ki fasil pou yo aksede avèk yo.

Si w gen yon pwoblèm oswa yon plent, moun k ap dirije pwogram lan responsab pou l fè sèten ke dwa w yo pwoteje. Si sa pa mache, oswa li pa apwopriye, gen lòt òganizasyon ki ka ede.

## **Pou Èd**

*Yon pèsonèl, tankou koòdonatè sèvis pèsonèl la oswa moun prensipal pou w kontante a, oswa direktè pwogram lan.*

### **New York State Office of Mental Health**

44 Holland Ave., Albany, NY 12229

Apèl gratis: (800) 597-8481, An Espayòl: (800) 210-6456

### **Sant Jistis (Justice Center)**

161 Delaware Ave, Delmar, NY 12054, (855) 373-2122

### **(Protection and Advocacy System and Client Assistance Program) Sistèm Defans ak Pwoteksyon ak Pwogram Èd Kliyantèl**

Dwa Andikape Nouyòk (Disability Rights NY)

725 Broadway, Suite 450, Albany, NY 12207, (800) 993-8982

### **Sèvis Legal Ijyèn Mantal (Mental Hygiene Legal Service)**

- Premye Depatman Jidisyè (First Judicial Department)  
41 Madison Ave, 26th floor, New York, NY 10010, (212) 779-1734
- Dezyèm Depatman Jidisyè (Second Judicial Department)  
170 Old Country Road, Mineola, NY 11501, (516) 746-4545
- Twazyèm Depatman Jidisyè (Third Judicial Department)  
40 Steuben Street, Suite 501, Albany, NY 12207, (518) 474-4453
- Katriyèm Depatman Jidisyè (Fourth Judicial Department)  
50 East Ave., Suite 402, Rochester, NY 14604, (585) 530-3050

### **Alyans Nasyonal pou Maladi Mantal Eta Nouyòk (National Alliance for the Mentally Ill of New York State)**

99 Pine Street, Suite 302, Albany, NY 12207, (800) 950-3228

Pou w kontakte Komisyon Miks la oswa eksprime enkyetid konsènan òganizasyon sa a, rele (800) 994-6610 oswa imèl [complaint@jointcommission.org](mailto:complaint@jointcommission.org).

---

Pou plis kopi livrè sa a, fakse demand ou nan:  
Utica Print Shop (315) 735-5041

Dènye Revizyon: Mas 2017